Bilim
Innovatsiya
Barqaror rivojlanish

Sentabr
№9, 2026

# AGROBIZNES, FAN VA TEXNOLOGIYALAR

ILMIY-AMALIY ELEKTRON JURNALI

Агробизнес, наука и технологии

*Agribusiness, science and technology*



№ 083688

ISSN: 3060-5245

Toshkent-2026

Platform & workflow by OJS / PKP

**BOSH MUHARRIR**
**Oblomuradov Narzullo Naimovich** – i.f.d. (DSc), professor.
**Bosh muharrir oʻrinbosarlari:**
**Islamov Soxib Yaxshibekovich –** q.x.f.d. (DSc), professor.
**Sultonov Kamoliddin Sadriddinovich** – q.x.f.d. (DSc), professor.
**Farmonov Toʻlqin Xayitmurodovich –** i.f.d. (DSc), professor.
**Muharrir:**
**Beglayev Uchqun Xurramovich –** i.f.f.d. (PhD), dotsent.
**Tahrir hay'atining xalqaro a'zolari:**
**Kusainov Xalel Xaymullayevich** – i.f.d. professor (Qozogʻiston davlat texnologiya universiteti)
**Vilija Aleknevičienė** – i.f.d. professor (Universitet Vitovta Velikogo)
**Gilbert Ludwig** – professor, (Jamk University of Applied Sciences)
**Bobojonov Ixtiyor Baxtiyorovich –** i.f.d. professor (Germaniyaning Leybnits nomidagi Markaziy Osiyoda qishloq xoʻjaligini rivojlantirish instituti (IAMO))
**Daiva Makutenene –** professor, (Vitautas Magnus universiteti, Litva)
**Xaitboyeva Nargiza Alikulovna -** i.f.d. dotsent (Tojikiston davlat huquq, biznes va siyosat universiteti)
**Tahrir hay'ati:**
**08.00.00-Iqtisodiyot fanlari:**
**Gulyamov Saidasror Saidaxmedovich** – i.f.d. (DSc), professor;
**Saidov Muxammad-Ali Xakimovich** – i.f.d. (DSc), professor;
**Rustamova Iroda Baxramjanovna** – i.f.d. (DSc), professor;
**Ochilov Ilhom Sayitqulovich** – i.f.d. (DSc), professor;
**Askarov Nazimjon Niyozovich** – i.f.d. (DSc), professor;
**Abdullayev Altinbek Yangibayevich** – i.f.d. (DSc), professor;
**Boltayev Abror Sayitmuradovich –** i.f.d. (DSc), dotsent;
**Abduvasikov Abduaziz Abdulazizovich** – i.f.n. professor;
**Mamadiyarov Dilshad Uralovich** – i.f.n. dotsent;
**Achilov Mashrab Ulugʻbekovich** – i.f.f.d. (PhD), dotsent;
**Galimova Feryuza Rafikovna** – i.f.n. dotsent;
**Odilova Dilnozaxon Barnayevna** – i.f.f.d. (PhD), dotsent;
**Yangiboyev Dilshod Gʻulomovich** – i.f.f.d. (PhD);
**Saidova Dildora Nurmatovna** – i.f.n. dotsent;
**Dexkanova Nilufar Sagdullayevna** – i.f.f.d. (PhD), dotsent;
**Roziqov Jahongir Mustaqim oʻgʻli** – i.f.f.d. (PhD), dotsent;
**Boltayev Nurali Shiramatovich** – i.f.f.d. (PhD), dotsent;
**Ibragimova Madina Ismoilovna** – i.f.f.d. (PhD), dotsent;
**Javliyev Nuriddin Bektemir oʻgʻli** – i.f.f.d. (PhD).

**06.00.00-Qishloq xoʻjaligi fanlari:**
**Shokirov Alisher Djuraboyevich** – q.x.f.d. (DSc), professor;
**Mardanov Husniddin Xolbozorovich** – q.x.f.d. (DSc);
**Abdiyev Fozil Rashidovich** – q.x.f.d. (DSc);
**Sattorov Maqsud Axtamovich** – q.x.f.d. (DSc);
**Yuldashov Nurbek Ergashovich** – v.f.d. (DSc);
**Xalmirzayev Dilmurad Kamilovich** – q.x.f.d. (DSc), dotsent;
**Namazov Ixtiyor Choriyevich** – q.x.f.d. (DSc), professor;
**Xudayqulov Jonibek Bozarovich** – q.x.f.d. (DSc), professor;
**Eshonqulov Jamoliddin Saporboy oʻgʻli** – q.x.f.d. (DSc), professor;
**Abdullayev Anvar Kodirullayevich** – b.f.n., katta ilmiy xodim;
**Atabayev Ma'ruf Maxmudovich** – q.x.f.n. professor;
**Safarov Asqar Asadullayevich** – q.x.f.f.d. (PhD), dotsent;
**Mustafakulov Davron Mamatqulovich** – q.x.f.f.d. (PhD), dotsent;
**Kasimov Botir Sadriddinovich** – q.x.f.f.d. (PhD);
**Akramov Umidilla Ikramdjanovich** – q.x.f.n. dotsent;
**Elboboyev Abdugʻani Shuxrat oʻgʻli** – q.x.f.f.d. (PhD);
**Muxammadov Yoʻldoshbek Akmal oʻgʻli** – q.x.f.f.d. (PhD);
**Maxmudova Shaxnoza Abdufattaxovna** – q.x.f.f.d. (PhD), dotsent;
**Idrisov Xusanjon Abdujabborovich** – q.x.f.f.d. (PhD), dotsent.

**MUASSIS**
Toshkent davlat agrar universiteti

**ALOQA UCHUN MA'LUMOTLAR**
Manzil: Toshkent viloyati, Qibray tumani, Universitet koʻchasi, 2-uy.
Jurnalning telegram manzili: t.me/agrobiznes_elektronjurnal
E-mail: licht-1989@mail.ru
Jurnalning rasmiy sayti: https://www.agrobiznesjournal.uz
Tel: +(998) 93 439 30 00

**JURNALNING ILMIYLIGI:**

Ma'lumot uchun, OAK Rayosatining 30.11.2024-yildagi №364/5-sonli qarori bilan 08.00.00-Iqtisodiyot fanlari boʻyicha, 08.05.2025-yildagi №370/5-sonli qarori bilan 06.00.00-Qishloq xoʻjaligi fanlari boʻyicha "Dissertatsiyalar asosiy ilmiy natijalarini chop etish tavsiya etilgan milliy ilmiy nashrlar roʻyxati"ga kiritilgan.

**Elektron nashr,** 69-sahifa.
2026-yil, sentabr.

2026-yil, sentabr.
№9-son.
ISSN: 3060-5245

## MUNDARIJA

### IQTISODIYOT FANLARI

**КУРПАЯНИДИ КОНСТАНТИН ИВАНОВИЧ**
Стратегии цифровой трансформации в Европейском союзе и потенциал институционального трансфера Французского опыта в Узбекистан…………11
**ERGASHEV RUSTAM RAJABOVICH**
Ilmiy ishlanmalar asosida Spin-off korxonalarini tashkil etish va rivojlantirishning bosqichli boshqaruv modeli…………………………………………………………………………………25
**ABDURAXMANOVA MUQADDAS TOXTASINOVNA**
Temir yo'l transporti korxonalarida ekologik-iqtisodiy samaradorlikni oshirishning ilg'or mexanizmlari…………………………………………………………………………34
**ABDULLAYEV ILYOS AXMADOVICH, JABBOROV JAMOLIDDIN MUXAMMADJON O'G'LI**
Surxondaryo viloyatida demografik jarayonlarning statistik tahlili……………………44
**XASANOV SANJARBEK ABDUMANNOBOVICH**
Sanoat korxonalarida raqamli transformatsiya darajasini baholash uslubiyoti ("Farg'onaazot" AJ misolida)……………………………………………………………………………50
**ABDURAZAKOVA NARGIZA RIXSIBAYEVNA**
Aksiyadorlik jamiyatlarida xususiy kapital rentabelligiga ta'sir etuvchi omillar: O'zbekistonning uchta aksiyadorlik jamiyati misolida panel tahlil……………………57
**SULTANOVA ZUXRA JAKSILIKOVNA**
Qaraqalpaqstan Respublikasinda region ekonomikasin rawajlandiriwda IT park xízmetiniń ámeldegi máseleleri hám paydalanílmaǵan múmkinshilikleri..............69

2026-yil, sentabr.
№9-son.
ISSN: 3060-5245

# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINDA REGION EKONOMIKASIN RAWAJLANDIRIWDA IT PARK XÍZMETINIŃ ÁMELDEGI MÁSELELERI HÁM PAYDALANÍLMAǴAN MÚMKINSHILIKLERI

**SULTANOVA ZUXRA JAKSILIKOVNA**
Abu Rayxan Beruniy atindaǵı Úrgensh mámleketlik universiteti
erkin izleniwshisi
E-mail: zuxrasultanova66@mail.com
ORCID: 0009-0005-1325-5787

Annotaciya. Bul maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasında IT Park jumısınıń qáliplesiwi hám rawajlanıw tendenciyaları, bar mashqalaları hámde paydalanılmaǵan imkaniyatları tallanǵan. Izertlewde IT Park rezidentleri sanı, xızmetler kólemi, xızmetler eksportı, IT bilimlendiriw, insan kapitalı hám sanlı infrastruktura menen baylanıslı kórsetkishlerden paydalanıldı. Aymaqtıń geografiyalıq jaqtan shetki jaylasıwı, tájiriybeli IT qánigelerin aymaqta saqlap qalıw, xalıqaralıq bazarǵa shıǵıw, universitet-biznes birge islesiwiniń jeterli dárejede rawajlanbaǵanı hám IT iskerliginiń aymaqlar boyınsha tegis emes bólistirilgeni tiykarǵı mashqalalar sıpatında anıqlandı.
Tayanısh sózler: IT Park, sanlı ekonomika, IT xızmetleri, IT eksportı, rezidentler, insan kapitalı, sanlı infrastruktura, innovaciya.

Аннотация. В статье анализируются тенденции формирования и развития деятельности IT Park в Республике Каракалпакстан, существующие проблемы и неиспользованные возможности. В исследовании использованы показатели количества резидентов IT Park, объема оказанных услуг, экспорта IT-услуг, IT-образования, человеческого капитала и цифровой инфраструктуры. В качестве основных проблем определены географическая удаленность региона, недостаточная обеспеченность квалифицированными IT-кадрами, ограниченный выход на международные рынки, недостаточно развитое взаимодействие между университетами и бизнесом, а также территориальная неравномерность IT-деятельности.
Ключевые слова: IT Park, цифровая экономика, IT-услуги, экспорт IT-услуг, резиденты, человеческий капитал, цифровая инфраструктура, инновации.

Abstract. This article analyzes the development trends, existing problems, and untapped opportunities of IT Park activities in the Republic of Karakalpakstan. The study uses indicators such as the number of IT Park residents, volume of services, IT service exports, IT education, human capital, and digital infrastructure. The main challenges identified include the geographical remoteness of the region, insufficient availability of qualified IT specialists, limited access to international markets, underdeveloped university–business cooperation, and territorial disparities in IT activity.
Keywords: IT Park, digital economy, IT services, IT exports, residents, human capital, digital infrastructure, innovation.

## KIRISIW

Búgingi kúnde sanlı ekonomikanıń jedel rawajlanıwı aymaqlardıń ekonomikalıq potencialınan nátiyjeli paydalanıw, jańa jumıs orınların jaratıw hám joqarı qosımsha qunǵa iye xızmetlerdi rawajlandırıwdıń áhmietli faktorlarınan birine aylanbaqta. Ásirese, IT Parkler sanlı isbilermenlik, innovaciyalıq joybarlar, IT bilimlendiriw hám eksport xızmetlerin birden-bir ekosistemaǵa birlestiretuǵın áhmietli institucionallıq mexanizm sıpatında kórsetilmekte. Sol sebepli aymaqlarda IT Park jumısın rawajlandırıw tek ǵana

2026-yil, sentabr.
№9-son.
ISSN: 3060-5245

málimleme texnologiyaları tarawın emes, al region ekonomikasınıń strukturalıq diversifikaciyasın támiyinlewdiń áhmietli baǵdarlarınan biri bolıp esaplanadı.

Ózbekstanda sanlı ekonomikanı rawajlandırıw menen bir qatarda, usı taraw ushın tájiriybeli insan kapitalın qáliplestiriwge de ayrıqsha itibar qaratılmaqta. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoev sanlı texnologiyalar tarawında tájiriybeli kadrlar tayarlaw zárúrligin atap ótip, jaslardı zamanagóy IT kásiplerine oqıtıw, olardıń shet tillerin biliw kónlikpelerin arttırıw hám IT xızmetlerin eksporti ushın zárúr qánigelerdi tayarlaw máselesine ayrıqsha itibar qaratqan.

Bul tiykarǵı wazıypalar Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2024-jıl 1-fevraldaǵı PQ-51-sanlı "Sanlastırıw tarawında maman qánigeler tayarlawdı jetilistiriw hám IT-bilimlendiriwdi rawajlandırıw ilajları haqqında"ǵı qararında da óziniń huqıqıy kórinisin tapqan[1]. Bul normativlik qatnas Qaraqalpaqstan Respublikası ushın ayrıqsha áhmietke iye. Sebebi aymaqta IT Park jumısınıń nátiyjeliligi tek ǵana rezidentler sanınıń kóbeyiwi yamasa IT xızmetleri kóleminiń ósiwi menen emes, al tájiriybeli kadrlardı tayarlaw, olardı aymaqta bánt etiw hám xalıqaralıq IT xızmetleri bazarına alıp shıǵıw imkaniyatları menen de belgilenedi.

## ÁDEBIYATLAR SHOLÍWÍ

IT Parkler hám texnologiyalıq parklerdiń ekonomikalıq rawajlanıwdaǵı ornın úyreniw sırt el ilimiy ádebiyatlarında bir neshe baǵdarlarda qáliplesken. Dáslepki izertlewlerde texnoparkler tiykarınan texnologiyaǵa tiykarlanǵan kárxanalardı bir aymaqta toplaw, olarǵa infrastrukturalıq hám shólkemlestiriwshilik xızmetler kórsetiw quralı sıpatında qaralǵan bolsa, zamanagóy izertlewlerde olar regionallıq innovaciyalıq sistema hám isbilermenlik ekosistemasınıń institucionallıq elementi sıpatında talqılanbaqta.

Lecluyse, Knockaert hám Spithoven tárepinen 1988-2018-jılları basıp shıǵarılǵan 175 ilimiy maqala tiykarında alıp barılǵan izertlewde ilim parkleriniń ekonomikalıq nátiyjesi "kiriw resursları - dáldalshı mexanizmler - aqırǵı nátiyjeler" óz ara baylanısı tiykarında tallanǵan. Avtorlar parklerdiń ekonomikalıq nátiyjeliligin tek rezidentler sanı menen emes, al innovaciyalıq jumıs, bilim almasıw hám kárxanalardıń rawajlanıwı menen birgelikte bahalaw zárúrligin kórsetken[2].

Poonjan hám Tanner izertlewinde bolsa texnoparklerdiń nátiyjeliligine parktıń ishki iskerliginen tısqarı aymaqlıq kontekst te sezilerli tásir kórsetetuǵını tiykarlanǵan[3]. Avtorlar universitet hám ilimiy-izertlew institutları, sanaat strukturası, institucionallıq ortalıq, finanslıq qollap-quwatlaw hám urbanizaciyanı tiykarǵı aymaqlıq faktorlar sıpatında ajıratqan. Bul qatnas Qaraqalpaqstan Respublikasında IT Park jumısın aymaqtıń geografiyalıq jaylasıwı, ekonomikalıq strukturası, insan kapitalı hám institucionallıq imkaniyatları menen baylanıslı halda úyreniw ushın metodologiyalıq tiykar bolıp xızmet etedi.

Ózbekstan sharayatında innovaciyalıq infrastruktura hám texnoparklerdiń rawajlanıw máseleleri de jergilikli izertlewshiler tárepinen úyrenilmekte.

2026-yil, sentabr.
№9-son.
ISSN: 3060-5245

Umarova Z.A Ózbekstanda texnoparklerdiń milliy innovaciyalıq infrastrukturanı qáliplestiriwdegi rolin talqılap, texnologiyalar transferi, innovaciyalıq klasterler hám innovaciyalıq isbilermenlikti qollap-quwatlaw zárúrligin tiykarlaǵan[4].

Chulliyev S. Ózbekstanda innovaciyalıq isbilermenlik hám venchur qarjılandırıwdı rawajlandırıwda texnoparklerdiń áhmietin izertlep, innovaciyalıq joybarlardı qarjılandırıw mexanizmlerin jetilistiriw máselesine itibar qaratqan. Uzaydullaev Sh.Sh bolsa innovaciyalıq infrastrukturanı rawajlandırıwǵa tosqınlıq etip atırǵan faktorlar sıpatında qarjılandırıw mexanizmleriniń nátiyjesizligi, ilimiy qollanbalardı kommerciyalastırıw mashqalaları hám mápdar tárepler arasındaǵı muwapıqlastırıwdıń jeterli emesligin kórsetken[5].

Biraq Qaraqalpaqstan Respublikasınıń geografiyalıq uzaqlıǵı, ekonomikalıq strukturasınıń ózine tánligi, insan kapitalınan paydalanıw imkaniyatları, IT xızmetleri eksportınıń qáliplesiw basqıshı hám aymaqtıń suw xojalıǵı, ekologiya, awıl xojalıǵı hám logistika sıyaqlı ózine tán mashqalaların esapqa alǵan halda IT Park jumısınıń bar mashqalaları hám paydalanılmaǵan imkaniyatların kompleksli bahalawǵa baǵıshlanǵan izertlewler jeterli emes. Usı ilimiy boslıq izertlewdiń tiykarǵı baǵdarın belgileydi. Sol sebepli bul maqalada IT Park jumısı tek rezidentler sanı yamasa xızmetler kólemi kózqarasınan emes, al insan kapitalı, innovaciyalıq isbilermenlik, eksport, infrastruktura, universitet-biznes birge islesiwi hám aymaqlıq ekonomikalıq ortalıq penen óz-ara baylanıslı sistema sıpatında úyreniledi.

## IZERTLEW METODOLOGIYASÍ

Izertlewde IT Park jumısınıń házirgi jaǵdayın anıqlaw hám paydalanılmaǵan imkaniyatlardı bahalaw ushın statistikalıq, salıstırmalı, dinamikalıq hám indeksli usıllarınan paydalanıldı.

## ANALIZLER HÁM TIYKARǴÍ NÁTIYJELER

Qaraqalpaqstan Respublikasında IT Park jumısı sońǵı jılları sezilerli pátlerde keńeyip barmaqta. Rásmiy maǵlıwmatlarǵa bola, 2024-jıldıń birinshi yarımında IT Park rezidentleriniń sanı 108 ge jetken hám olar tárepinen 310 qánige jumıs penen támiyinlengen. Milliy statistika komitetiniń SIAT maǵlıwmatları bolsa aymaqtaǵı IT Park qatnasıwshıları tárepinen kórsetilgen xızmetler kóleminiń ásirese 2024-2025-jıllarda tez óskenin kórsetedi.

Qaraqalpaqstan Respublikasında IT Park jumısınıń rawajlanıw dárejesin bahalawda rezidentler tárepinen kórsetilip atırǵan xızmetler kólemi áhmietli ekonomikalıq kórsetkishlerden biri bolıp esaplanadı. Bul kórsetkish aymaqta IT biznestiń qáliplesiwi, sanlı xızmetlerge bolǵan talaptıń ósiwi hám IT Park rezidentleriniń ekonomikalıq belsendiligin sáwlelendiredi. Sońǵı jılları Qaraqalpaqstanda IT Park rezidentleri sanınıń kóbeyiwi menen bir qatarda xızmetler kólemi hám eksport kórsetkishlerinde de sezilerli ósiw baqlanǵan. Atap aytqanda, 2024-jıldıń birinshi yarımında aymaqtaǵı IT Park rezidentleri xızmetleriniń kólemi 2,4 esege, eksport kólemi bolsa 1,7 esege artqan (1-kestege qarań).

2026-yil, sentabr.
№9-son.
ISSN: 3060-5245

**1-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasında IT Park qatnasıwshıları xızmetleri kóleminiń dinamikası**

| Kórsetkishler | 2022 | 2023 | 2024 | 2025 |
|---|---|---|---|---|
| **IT Park qatnasıwshıları xızmetleriniń kólemi, mln. sum** | 559,3 | 1 633,2 | 24 908,0 | 119 629,1 |
| **Ósiw páti, %** | – | **292,0** | **1 525,0** | **480,3** |
| **Qosimsha ósiw páti, %.** | – | **192,0** | **1 425,0** | **380,3** |
| **Absolyut ózgeris, mln sum.** | – | **1 073,9** | **23 274,8** | **94 721,1** |

Derek: Ózbekstan Respublikası Milliy statistika komiteti SIAT maǵlıwmatları tiykarında avtor esap-kitapları.

Qaraqalpaqstan Respublikasında IT Park qatnasıwshıları xızmetleriniń kólemi 2022-2025-jıllarda joqarı pátlerde ósken. Atap aytqanda, 2022-jıldaǵı 559,3 million sumnan 2023-jılı 1 633,2 million sumǵa, 2024-jılı 24 908,0 million sumǵa hám 2025-jılı 119 629,1 million sumǵa jetken. Nátiyjede xızmetler kóleminiń ósiw páti 2023-jılı 292,0 procentti, 2024-jılı 1 525,0 procentti hám 2025-jılı 480,3 procentti quraǵan. Bul kórsetkishlerdiń keskin ósiwi aymaqta IT Park rezidentleriniń jumısı hám sanlı xızmetler bazarınıń keńeyip atırǵanınan dárek beredi. Sonıń menen birge, bar potencialdan tolıq paydalanıw ushın IT xızmetlerin aymaqlar boyınsha keńeytiw, maman kadrlar tayarlaw, eksportqa qolaylı sanlı ónimler jaratıw hám startaplardı finanslıq qollap-quwatlawdı kúsheytiw zárúr.

IT Parklerdiń rawajlanıwında infrastrukturaǵa qaraǵanda insan kapitalı kóbinese áhmietlirek faktorǵa aylanadı. Qaraqalpaqstan Respublikasında IT bilimlendiriwge bolǵan itibar artıp barmaqta. 2025-jılı aymaqta IT Park rezidenti bolǵan 75 oqıw orayı jumıs alıp barǵanı, jıl basınan 1 743 jas bul oraylarda bilim alıwdı juwmaqlaǵanı hám 1 000 nan aslam jas oqıwdı dawam ettirgenligi atap ótilgen.

Sonday-aq, “Bir million programmist” joybarı sheńberinde Qaraqalpaqstanda 22 489 jas baslanǵısh sertifikatlarǵa ie bolǵan. Biraq bilim alǵan jaslardıń IT kompaniyaları hám eksportqa baǵdarlanǵan kárxanalarǵa turaqlı jumısqa jaylasıwı máselesi áhmietli bolıp qalmaqta. Rásmiy maǵlıwmatlarda aymaqtaǵı ayırım joqarı bilimlendiriw baǵdarları pitkeriwshileriniń bántligi tómen ekenligi, sonıń ishinde, málimleme qáwipsizligi, texnologiyalar hám kompyuter injiniringi baǵdarlarında jumıs beriwshiler menen bilimlendiriw mákemeleriniń birge islesiwin kúsheytiw zárúr ekenligi atap ótilgen.

Demek, mashqala IT boyınsha bilim beriw kóleminde emes, al bilimlendiriw → sertifikat → real jumıs ornı → eksport etiwshi kompaniya shınjırınıń tolıq qáliplespegeninde.

Ózbekstan boyınsha ulıwma tájiriybe IT Park jumısınıń Tashkentte joqarı dárejede toplanǵanın kórsetedi. 2023-jılı mámlekettegi 1 652 IT Park rezidentinen 1 129 Tashkent qalasında, 523 bolsa aymaqlarda jaylasqan. Rezidentler tárepinen kórsetilgen xızmetlerdiń 95 procenti Tashkentke tuwra kelgen. Bul jaǵday Qaraqalpaqstan ushın eki tárepleme mashqala jaratadı. Bir

2026-yil, sentabr.
№9-son.
ISSN: 3060-5245

tárepten, aymaqtaǵı IT kompaniyalarınıń rawajlanıwı ushın jergilikli bazar salıstırmalı túrde kishi. Ekinshi tárepten, IT jumısınıń tábiyatı aralıqtan xızmet kórsetiw imkaniyatın bergenligi sebepli geografiyalıq sheklew tiykarında eksport ushın tosqınlıq bolıwı shárt emes. Sol sebepli Qaraqalpaqstannıń "geografiyalıq jaqtan shetki, biraq sanlı xızmetler ushın aralıqtan eksportqa qolaylı aymaq" modelin qáliplestiriw imkaniyatı bar.

IT Park rezidentleri hám mámleketimizdiń málimleme texnologiyaları sektorınıń jedel rawajlanıwına tosqınlıq etip atırǵan tiykarǵı sistemalı mashqalalar, olardıń ámeliyatta kóriniw túrleri jáne ekonomikaǵa kórsetip atırǵan unamsız tásirleri tómendegi kestede jámlengen (2-kestege qarań).

**2-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasında IT Park jumısınıń tiykarǵı mashqalaları**

| № | Mashqala | Payda bolıw forması | Ekonomikalıq tásiri |
|---|---|---|---|
| 1 | Qánigeli IT kadrlar jetispewshiligi | Joqarı tájiriybeli qánigelerdiń sheklengenligi | IT kompaniyalarınıń keńeyiwi tómenleydi |
| 2 | IT tálimi hám miynet bazarı arasındaǵı sáykes kelmewshilik | Pitkeriwshilerdi jumısqa jaylastırıw mashqalası | Insan kapitalınan tolıq paydalanılmaydı |
| 3 | Eksport kanallarınıń jeterli rawajlanbaǵanlıǵı. | Xalıqaralıq klientler hám platformalarǵa kiriw sheklengen | Valyuta túsimleri tómen boladı |
| 4 | Aymaqlıq infrastrukturanıń tegis emesligi | Internet hám IT oraylarınıń ayırım aymaqlarda sheklengenligi | IT jumısınıń Nókis átirapında toplanıwı |
| 5 | Universitet-biznes birge islesiwiniń ázziligi | Ilimiy qollanbalardı kommerciyalastırıw tómen | Innovaciyalıq ónimler az |
| 6 | Jergilikli IT ónimlerine talaptıń tómenligi | Ishki buyırtpalar az | Startaplardıń rawajlanıwı qıyınlasadı |
| 7 | Finanslıq resurslardan paydalanıw imkaniyatınıń sheklengenligi. | Startaplar ushın dáslepki kapital jetispewshiligi | Jańa IT bizneslerdiń ómirsheńligi tómenleydi |

Derek: avtordıń statistikalıq hám ilimiy derekler tiykarındaǵı sistemalastırıwı.

**3-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasında IT Park jumısınıń paydalanılmaǵan imkaniyatları**

| Baǵdar | Bar múmkinshilik | Kutilayotgan iqtisodiy natija |
|---|---|---|
| Aralıqtan IT xızmetleri | Geografiyalıq aralıqqa baylanıslı bolmaǵan xızmetler | Eksport hám valyuta túsimleri artadı |
| BPO hám call-oraylar | Jaslar hám til biletuǵın kadrlar | Jańa jumıs orınları jaratıladı |
| IT tálimi | 75 IT Park oqıw orayınıń jumısı | Insan kapitalı keńeedi |
| Jasalma intellekt | Data-oray hám AI infrastrukturasın rawajlandırıw | Joqarı qosımsha qunlı xızmetler |
| Awıl xojalıǵı | Agrotexnologiyalar hám sanlı monitoring | Miynet ónimdarlıǵı artadı |
| Ekologiyalıq monitoring | Aralboyı aymaǵında sanlı monitoring | Jergilikli mashqalalarǵa texnologiyalıq sheshim |
| Turizm | Sanlı turizm platformaları | Turistlik xızmetler bazarı keńeedi |
| Xalıqaralıq kompaniyalar | Sırt el IT kompaniyaların aymaqqa tartıw. | Investiciya hám texnologiya transferi |
| Aralıqtan jumıs | Autsorsing va frilansing | Aymaqtan shıqpastan global bazarda islew |

2026-yil, sentabr.
№9-son.
ISSN: 3060-5245

Aymaqta sanlı ekonomikanı jedel rawajlandırıw, bar potencialdı tolıq júzege shıǵarıw hám jańa ósiw noqatların qáliplestiriw ushın tiykarǵı baǵdarlar, olardıń bar imkaniyatları hám kútilip atırǵan ekonomikalıq nátiyjeleri tómendegi kestede óz kórinisin tapqan. Bul ilajlar aymaqtıń investiciyalıq tartımlılıǵın arttırıw hám xalıqtıń bántligin támiyinlewde áhmietli faktor bolıp xızmet etedi. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń IT Park xızmetinde bar bolǵan mashqalalar menen bir qatarda ele tolıq iske qosılmaǵan áhmietli imkaniyatlar da bar (3-kestege qaran).

Ásirese, jasalma intellekt hám joqarı nátiyjeli esaplaw infrastrukturası Qaraqalpaqstan ushın jańa imkaniyat sıpatında qáliplespekte. IT Park maǵlıwmatlarına bola, Qıtaydıń Shanghai LinkWise Data Intelligence kompaniyası menen birgelikte Qaraqalpaqstanda iri jasalma intellekt hám joqarı nátiyjeli esaplaw orayın shólkemlestiriw rejelestirilgen bolıp, joybar birinshi basqıshında derlik 700 mln AQSh dolları muǵdarında investiciya kirgiziwdi názerde tutadı. Oraydıń Taqıyatas rayonında jaylastırılıwı rejelestirilgen. Bul joybar ámelge asırılsa, Qaraqalpaqstannıń IT rawajlanıw modelin ápiwayı IT xızmetleri orayınan joqarı texnologiyalı infrastruktura orayına ózgertiw imkaniyatı payda boladı.

## JUWMAQLAW HÁM USINISLAR

Izertlew nátiyjeleri Qaraqalpaqstan Respublikasında IT Park jumısı qısqa múddette sezilerli rawajlanǵanın kórsetti. IT Park qatnasıwshıları xızmetleriniń kólemi 2023-jıldaǵı 1 633,2 mln sumnan 2024-jılı 24 908,0 mln sumǵa hám 2025-jılı 119 629,1 mln sumǵa jetkeni aymaqta sanlı xızmetler bazarınıń jedel qáliplesip atırǵanın kórsetedi. Biraq IT Park jumısınıń rawajlanıwı menen birge bir qatar sistemalı mashqalalar saqlanıp qalmaqta. Sonıń ishinde, maman IT qánigeleriniń jetispewshiligi, bilimlendiriw hám miynet bazarı arasındaǵı sáykes kelmewshilik, xalıqaralıq eksport kanallarınıń sheklengenligi, universitet-biznes baylanıslarınıń jeterli dárejede rawajlanbaǵanı hám IT jumısınıń aymaqlar boyınsha teńsalmaqlı emesligi tiykarǵı mashqalalar sıpatında anıqlandı.

Izertlew tiykarında tómendegi usınıslar islep shıǵıldı:

1. “Qaraqalpaqstan IT eksportı” baǵdarlamasın engiziw.

Aymaqtaǵı IT kompaniyaların xalıqaralıq platformalar, sırt elli buyırtpashılar hám aucorsing kompaniyaları menen baylanıstırıwǵa qaratılǵan arnawlı baǵdarlama shólkemlestiriw kerek.

2. IT Park-universitet-biznes úshligin qáliplestiriw.

Universitetlerdiń IT baǵdarları oqıw baǵdarlamaların jergilikli IT kompaniyaları menen birgelikte qáliplestiriw, studentlerdi 2-3-kurstan baslap real joybarlarǵa tartıw zárúr.

3. BPO orayların rawajlandırıw.

Til bilimi hám kommunikativ kompetenciyaǵa iye jaslardı BPO, call-oray, texnikalıq járdem hám biznes processlerin aucorsing etiw xızmetlerine tartıw Qaraqalpaqstan ushın eń tez nátiyje beretuǵın baǵdarlardan biri bolıwı múmkin.

4. “AgroTech-EcoTech-GovTech” baǵdarındaǵı jergilikli startaplardı qollap-quwatlaw.

5. AI hám data-oray joybarlarınan aymaqlıq multiplikativ nátiyje aliw.

Iri texnologiyalıq joybarlarǵa tek ǵana investiciya obekti sıpatında emes, al jergilikli kadrlar tayarlaw, ilimiy izertlewler, servis kompaniyaları hám jańa startaplardı qáliplestiriwshi ekosistema sıpatında qatnas jasaw zárúr.

6. IT Park jumısınıń aymaqlıq monitoring sistemasın jaratıw.

Hár jılı rezidentler sanı menen bir qatarda eksport, jumıs orınları, ortasha miynet haqı, investiciya, innovaciyalıq ónimler hám qosımsha qun boyınsha kompleksli bahalaw ámelge asırılıwı kerek.

7. Rayonlar kesiminde IT xizmetin diversifikaciyalaw.

IT jumısınıń tek ǵana Nókis qalasında toplanıp qalıwınıń aldın alıw maqsetinde rayonlarda kovorking orayları, IT bilimlendiriw orayları hám aralıqtan jumıs islew infrastrukturasın rawajlandırıw zárúr.

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR DIZIMI**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2024-jıl 1-fevraldaǵı PQ-51-sanlı “Sanlastırıw tarawında maman qánigeler tayarlawdı jetilistiriw hám IT-bilimlendiriwdi rawajlandırıw ilajları haqqında”ǵı qararı.

2. Lecluyse L., Knockaert M., Spithoven A. The contribution of science parks: a literature review and future research agenda // The Journal of Technology Transfer. – 2019. – Vol. 44, No. 2. – P. 559–595. – DOI: 10.1007/s10961-018-09712-x.

3. Poonjan A., Tanner A.N. The role of regional contextual factors for science and technology parks: a conceptual framework // European Planning Studies. – 2020. – Vol. 28, No. 2. – P. 400–420. – DOI: 10.1080/09654313.2019.1679093.

4. Umarova Z.A. The role of technoparks in the development of innovative infrastructure in Uzbekistan // World Economics and Finance Bulletin. – 2023. – Vol. 18. – P. 78–81.

5. Chulliyev , S. (2024). Priority areas of supporting innovative entrepreneurship and venture funds in Uzbekistan. Economics and Innovative Technologies, 12(3), 1–14. https://doi.org/10.55439/EIT/vol12_iss3/i1

6. O‘zbekiston Respublikasi Milliy statistika qo‘mitasi. IT park ishtirokchilarida ishlab chiqarilgan (ko‘rsatilgan) xizmatlar (QQS va aksizsiz) hajmi. SIAT ma’lumotlar bazasi. – Toshkent, 2026.

2026-yil, sentabr. №9-son.

**Mas'ul muharrir:** Beglayev Uchqun
**Musahhih:** Boltayev Nurali
**Sahifalovchi va dizaynerlar:** Normurodov Sarvar,
Sharipov Shoxruh

© Materiallar koʻchirib bosilganda "Agrobiznes, fan va texnologiyalar" ilmiy-amaliy elektron jurnali manba sifatida koʻrsatilishi shart. Jurnalda bosilgan material va reklamalardagi dalillarning aniqligiga mualliflar mas'ul hisoblanadi. Tahririyat fikri har vaqt ham mualliflar fikriga mos kelavermasligi mumkin. Tahririyatga yuborilgan materiallar qaytarilmaydi.

Mazkur jurnalda maqolalar chop etish uchun quyidagi havolalarga murojaat qilish mumkin. Ilmiy maqolalar, reklama, hikoya va boshqa ilmiy-ijodiy materiallar yuborishingiz mumkin. Materiallar va reklamalar pullik asosda chop etiladi.

**Elektron pochta:** licht-1989@mail.ru
**Jurnalning telegram manzili:** t.me/agrobiznes_elektronjournal
**Telefon raqami: +998939018320, +998934393000**
**Jurnal rasmiy sayti:** https://www.agrobiznesjournal.uz

"Agrobiznes, fan va texnologiyalar" ilmiy-amaliy elektron jurnali O'zbekiston Respublikasi Oliy ta'lim, fan va innovatsiyalar vazirligi huzuridagi Oliy attestatsiya komissiyasi rayosatining 30.11.2024-yildagi №364/5-sonli qarori bilan 08.00.00-Iqtisodiyot fanlari boʻyicha, 08.05.2025-yildagi №370/5-sonli qarori bilan 06.00.00-Qishloq xoʻjaligi fanlari boʻyicha "Dissertatsiyalar asosiy ilmiy natijalarini chop etish tavsiya etilgan milliy ilmiy nashrlar roʻyxati"ga kiritilgan.

"Agrobiznes, fan va texnologiyalar" ilmiy-amaliy elektron jurnali 2023-yil 23-maydan O'zbekiston Respublikasi Prezidenti Administratsiyasi huzuridagi Axborot va ommaviy kommunikatsiyalar agentligi tomonidan **C-5669225** reyestr raqami tartibi boʻyicha roʻyxatdan oʻtkazilgan.
**Litsenziya raqami: №083688**

**Manzilimiz: Toshkent viloyati, Qibray tumani, Universitet koʻchasi, 2-uy**